# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में सतवां अउर आखिरी फेरा के चुनाव बदे सज्जों राजनीतिक दल आपन ताकति झोंकि दिहलें हवें। सज्जों दल क सीनियर नेता अउर स्टार परचारक अपने ओम्मेदवारन बदे जनसभा, रैली अउर रोड–सो कइ के ओट दिहले क अपीलि कइ रहल हवे। सीनियर भाजपा नेता अउर प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के पीपीगंज में भाजपा ओम्मेदवार रवि किशन बदे एगो जनसभा के संबोधित कइलें। श्री योगी कहलें कि ई चुनाव राम भक्तन अउर राम द्रोहियन के बिच्चे हौ। उहां के कहलीं कि भाजपा सरकार गरीबन अउर बंचितन खातिर बहुते कार कइले हवे अउर केन्द्र में तीसरी बेरि मोदी सरकार बनले के बाद सत्तर सालि से बेसी उमिरि क सज्जों बुजुरूग लोगिन के इलाज खातिर आयुष्मान कार्ड जारी कइल जाई। मुख्यमंत्री अजुए मिर्जापुर के बिहंसड़ा बाजार में एनडीए क ओम्मेदवार अनुप्रिया पटेल के पक्ष में चुनावी जनसभा के संबोधित करत सपा अउर कांग्रेस पर जोरदार हमला बोललें।

उहां के कहलीं कि सपा अउर कांग्रेस क नेता अपराधियन के निरदेस पर कार करत रहलें अउर आतंकवाद आ नक्सलवाद के बढ़ावा देत रहलें। मोदी सरकार येहके खतम कइ के देस के बिकास क नया दिसा दिहले क कार कइले हवे।

भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्या गोरखपुर जिला के बांसगाव मे एगो चुनावी रैली के संबोधित करत कहलें कि जनता बढियां से जानत हवे कि कउन पारटी ओकरे खातिर बढ़िया काम करत बाटे येहि नाते ऊ लगतारे तीसरी बेरि केन्द्र में भाजपा के चुने जा रहल हवे।

ओहर, समाजवादी पारटी क मुखिया अखिलेश यादव आजु कुशीनगर जिला में एगो राजनीतिक रैली में भाजपा पर जमि के निसाना सधलें। उहां के कहलीं कि भगवा पारटी संविधान बदलल चाहति हौ अउर ई चुनाव निरणायक होखे जा रहल हौ काहें से कि देस क जनता उनके हरावल चाहति हौ। सपा नेता अखिलेश यादव आजु कांग्रेस क सीनियर नेता राहुल गांधी के साथे देउरिया के मदनपुरो में एगो चुनावी रैली के सम्बोधित कइलें। येह मौका पर राहुल गांधी कहलें कि भाजपा संविधान के खतम कइल चाहति हौ। अइसन ऊ नाही होखे दीहें। आईएनडीआईए गठबंधन खून दे के संविधान क रक्षा करी। उहां के कहलीं कि चारि जून के जो त आईएनडीआईए गठबंधन क सरकार बनी त, तीस लाख नौजवानन के नोकरी दीहल जाई। किसानन क करजा माफ कइल जाई अउर मनरेगा क मजुरियो बढ़ावल जाई। उहां के येह चुनाव के संविधान बचावे वाला चुनाव बतवलीं।

सतवां फेरा में प्रदेस क तेरह सीटिनि पर चुनाव होखे के हौ। ई सीटि हइनि–महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देउरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चन्दौली, वाराणसी, मिर्जापुर, अउर रॉबर्ट्सगंज। येह फेरा के चुनाव के बाद देस भर में लोकसभा चुनाव खातिर मतदान प्रक्रिया पूरा हो जाई। ओटे क गिनती चारि जून के होई।

**********

जेठ महिन्ना क पहिला मंगर के बड़ा मंगर के रूप में सरधा–भक्ति अउर हंसी–खुसी के माहौल में मनावल जा रहल हौ। सरधालु बरजरंगबली के मंदिर में जा के उनके खातिर आस्था अउर सरधा जता रहल हवें। अजोध्या में आजु येह मौका पर ढेरि संख्या में सरधालु सरजू नदी में नहा के सिद्धपीठ हनुमानगढ़ी में बजरंगबली क दरसन–पूजन कइलें। बड़ा मंगर के दिन्ने दरसन–पूजन खातिर उमड़ल सरधालुअन के भीड़ि के देखत ओहां सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल हौ। बलरामपुर जिला में येह मौका पर बजरंगबली के मंदिर में दरसन–पूजन के ले के सरधालुअन के बिच्चे खास उछाह देखल जा रहल हौ। ओहवां येह मौका पर भण्डारा क आयोजनों कइल गइल हौ। उन्नाव जिला में बजरंगबली के मंदिर के लग्गे भण्डारा क आयोजन कइल गइल हौ अउर ओहवां सरबत बांटल जा रहल हौ। पीलीभीत जिला में बड़ा मंगर के मौका पर सरधालू कई जगहिन पर सुंदरकांड अउर हनुमान चालीसा के पाठ क आयोजन कइले हवे जेह में ढेरि संख्या में लोगि सामिल हो रहल हवे। ओहवां लोगि बजरंगबलि से सुरूज भगवान से ताप कम कइले क मनोकामनों कइले। गोरखपुरों के हनुमान मंदिरन में ढेंरि संख्या में सरधालुअन के दरसन पूजन कइले अउर भंण्डारा क आयोजन कइल गइले क खबरि हौ।

**********

प्रदेस के करीब सज्जों जिला में भीसण गरमी क प्रकोप चलि रहल हौ। जियादेतर जिलन में अधिकतम तापमान चालीस डिग्री के उप्पर रेकॉर्ड कइल जा रहल हौ। गरमी के नाते लोगिन क जिनगी परभावित हौ। ओहर मौसम विभाग की ओरि से आवे वाला दुई दिन्न ले पूरा प्रदेस खातिर प्रचंड गरमी पड़ले क चेतावनी जारी कइल गइल हौ। मौसम विभाग गौतमबुद्ध नगर, गाजियाबाद, अलीगढ़, मथुरा, हाथरस, आगरा, इटावा, औरैया, झांसी अउर आसपास क इलाकन में लूह के लेके रेड अलर्ट जारी कइले हवे। गोरखपुर के सथहीं प्रदेस क पूरबी जिलन में पूरवा बेयार अउर बादर छवले के नाते उमस भरल गरमी पडि रहल हौ।

**********